


# TARIYXTI OQITIWDA MASHQALALI OQITIW TEXNOLOGIYASINIŃ TÁLIM PROCESSINDEGI ÁHMIYETI

**Saimbetov Amangeldi Tilepbaevish**
Ózbekistan Respublikası IIM Qaraqalpaq akademiyalıq licey Tariyx páni muǵallimi
https://doi.org/10.5281/zenodo.7870734

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi: 20-april 2023 yil
Ma'qullandi: 24-april 2023 yil
Nashr qilindi: 27-april 2023 yil

**KEY WORDS**
*Tálim processi, jámiyetlik-gumanitar bilimler, mashqalalı oqıtıw texnologiyası, zamanagóy texnologiyalar, metod, ilimiy-texnikalıq progress.*

**ABSTRACT**
*Bul maqalada Tariyx sabaqlarınıń sapasın jaqsılawda zamanagóy pedagogikalıq hám innovaciyalıq texnologiyalarınan paydalanıwdıń sonday-aq, mashqalalı oqıtıw texnologiyasınıń tálim processindegi áhmiyeti haqqında sóz etiledi.*

Házirgi kúnde Ózbekistanda tálim hám tárbiyaniń bas maqseti, mazmunı túbden jańalandı. Yaǵnıy, ilimiy-texnikalıq progress tek islep shıǵarıw da ǵana emes, al mádeniy, jámiyetlik-gumanitar bilimler hám tálim tarawında da zamanagóy texnologiyalardı qollanıw ámelge asırılmaqta.

Tariyx sabaqlarınıń sapasın jaqsılaw hám onıń nátıyjeligine erısiwde pedagogikalıq texnologiyanı keń túrde qollanıwdıń kóp jıllar dawamında ózine tán bolǵan tájirıybesi, metodları hám texnologiyası islep shıǵılıp, tálim-tárbiya jumıslarında nátiyjesin bermekte. Jańa pedtexnologiyalardı keń túrde qollanıw, oqıw processine engiziwdiń teoriyalıq hám ámeliy máselelerin islep shıǵıwda ilimpazlardan B.P.Bespalko, M.Kların, V.Slastenın, M.O.Ochilov, N.Saydaxmedov, K.Zaripov h.t.b. ózleriniń ilimiy miynetlerinde bayanlap bergen edi.[2]

Házirgi zamanǵa muwapıq bilimlendiriwde eń áhmiyetli talaplardan biri hár bir sabaqta tańlap alınǵan temanıń ilimiy tiykarlanıwı bolıp esaplanadı. Yaǵniy temanıń kólemin sabaqta qoyılatuǵın maqset hámde oqıwshılardıń imkaniyatların esapqa alǵan halda belgilew, onıń quramalılıǵın anıqlaw, ótilgen tema menen baylanıstırıw, oqıwshılarǵa beriletuǵın tapsırma hám óz betinshe islerdiń izbe-izligin anıqlaw, sabaqta kerek bolatuǵın qurallardı, úskenelerdi belgilew hám onı kóbeytiw, qosımsha pedtexnologiyalardan paydalanıw zárur. Sonıń ushın da oqıwshılarǵa «Ózbekistan tariyxı», «Qaraqalpaqstan tariyxı», «Jáhán tariyxı» pánlerinen sabaq beriw barısında tómendegilerge dıqqattı awdarıw kerek:

- muǵallimniń oqıw materialları imkaniyatlarınan tolıq paydalanıwı;
- hár bir temanıń mánisin, bilimlendiriw hám tárbiyalıq imkaniyatların ashıp beriwi;
- jeke, jup bolıp, hám toparlarǵa bólinip islewdi qalay shólkemlestiriwdi aldın-ala rejelestiriw;

- materiallardı úyreniwde onıń basındaǵı bóliminde temaǵa qızıǵıwshılıq oyatıw;
- gúrrıń dawamında tema boyınsha oqıwshılardıń qanday bilimge iye ekenligin anıqlaw;
- oqıwshılardıń juwapların táriyplew, zárúr bolsa onı tolıqtırıw;
- ornı kelgende mashqalalı sorawlar qoyıw arqalı oqıwshılarda temanı úyreniw hám izleniwshilikke baǵdar berip biliw;
- oqıw, úyreniw, talıqlaw ushın temalardı usınıs etiw;
- oqıwshılardıń óz betinshe islewi ushın sharayat qáliplestiriw arqalı úyreniletuǵın tema menen baylanıslı mashqalalarǵa óziniń múnásebetlerin bildiriw.

Mashqalalı oqıtıw texnologiyası tálimniń eń jemisli usıllarınan bolıp, oǵan ilimiy bilimler tiykarında mashqalalı jaǵdaylar kirgizip, oqıw materialı dástúriy túrde bayan etiledi.

Tariyx sabaqların oqıtıw processinde oqıwshılarǵa hár qıylı sorawlar beriledi. Biraq soraw menen sorawdıń parqı boladı. Leykin, oqıwshı juwabın bilmegen sorawlardıń hámmeside mashqalalı jaǵdaydı keltirip shıǵara almaydı. Mısalı: «Ózbekistanda qansha xalıq jasaydı?» yamasa «Samaniyler mámleketinde salıq túrlerı qanday bolǵan?» siyaqlı sorawlarǵa juwap bere almaslıq mashqalalı jaǵdaydı keltirip shıǵarmaydı.[5]

Mashqalalı oqıtıw texnologiyalıq jol menen rawajlanadı. Nátiyjede mashqalalı oqıtıwdıń tórt basqıshtan ibarat túri payda boladı:

1) mashqalanıń qoyılıwı;
2) onı sheshiw jolların anıqlaw;
3) mashqalanı sheshiwdiń eń qolaylı jolın tańlaw;
4) mashqalanı sheshiw.[1]

Oqıtıw processinde qarama-qarsılıq payda bolǵan jaǵdaydı S.L. Rubinshteyn mashqalalı jaǵday dep ataǵan. Oqıwshı oqıw (biliw) processinde qarama-qarsılıqlarǵa dus kelse, onıń biliwge bolǵan qızıǵıwshılıǵı jánede artadı, yaǵniy motivatsiya payda boladı. Máselen, Ullı jipek jolı boylarında sawda hám karaban sarayları qurılǵan hám sawda satıq jáne ekonomikanıń rawajlanıwında úlken áhmiyetke hám de óz úlesine iye bolǵan. «Amir Temur dáwirine kelip bul joldıń abıroyı qalay artqan»?. «Biraq ne ushın xanlıqlar dáwirine kelip bul joldıń áhmiyeti páseyip ketti? Degen sorawlar mashqalalı esaplanadı. Bunday qoyılǵan sorawlar oqıwshını salıstırıwǵa, sıpatlawǵa hám analiz etiwge iytermeleydi hátteki májbúr etedi.

Mashqalalı oqıtıw arqalı oqıwshını óz pikirin aytıwǵa, onı qorǵaw hám básekilesiwge úyretıwi múmkin. Oqıtıw processinde qarama-qarsılıq bolmasa báseki de, sáwbet de bolmaydı.

Mashqalalı tálimniń maqseti ilimiy biliw, bilimler dizimi nátiyjelerin ózlestirip ǵana qoymastan, bálkim nátiyjelerge erisiw jolların da ózlestiredi. Ol oqıwshılardıń oqıw materialların ózlestiriwdegi aqliy izleniwi, dóretiwshilik iskerligine xızmet qıladı.[4]

Mashqalalı lekciyanı oqıtıwshı sonday dúziwi kerek, yaǵnıy oqıwshılar sanasında oqıw materialında berilgen, oǵan tanıs bolmaǵan bilim haqqında tómendegishe sorawlar payda bolsın: “Onı bilip alıw ushın ne islewim kerek?” Usı mashqalanıń sheshimi, printsipi qanday?” Usınday jaǵday da ǵana oqıw materialı oqıw mashqalası túrınde beriledi.[1]

Juwmaqlap aytatuǵın bolsaq tariyx sabaqlarında hár bir oqıtıwshı bilim beriw barısında sabaqtıń nátiyjeli bolıwına erisiw ushın zamanǵa say jańa texnologiyalar menen qurallanǵan bilim, kónlikpe, tájiriybege iye bolsa ǵana óz maqsetine erise aladı dep oylayman. Bunıń ushın bolsa dáwirdiń ózi búginniń pedagoglarınan tınımsız izleniwdi talap etpekte.

## Paydalanilǵan ádebiyatlar:

1. Omonov H.T. Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat T.2009
2. F. Aqchayev Tarix fanini óqitishda inovatsion texnologiyalar. Jizzax.2014
3. Ishmuhamedov R. Innovatsion texnologiyalar yordamida ta'lim samaradorligini oshirish yo`llari. - T., Nizomiy nomidagi TDPU, 2009.
4. A.Abduqodirov, R.Ishmuhammedov. “Ta’limda innovatsion texnologiyalar” T.:2008
5. https://fayllar.org/

INNOVATIVE ACADEMY